



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

**Pou Piblikasyon Imedya:** 8 jiyè 2014

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE KONSÈY KI GEN RAPÓ A RE-ADMISYON AK RE-ENTEGRASYON NAN KOMINOTE**

***Konsèy la pou bay solisyon konplè epi ki chita sou done pou diminye obstak ke ansyen Nouyòkè ki te anprizone yo te eksperimante pou yo re-antrè nan sosyete a***

***Konsèy la bati sou akonplisman Gouvènè Cuomo avèk pwogram Pay for Success ak Work for Success, sa ki konekte ansyen moun ki te nan prizon yo avèk opòtinite travay***

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse fòmasyon Konsèy Eta New York pou re-entegrasyon ak re-admisyon nan kominote a, sa ki pral adrese obstak ansyen moun ki te nan prizon yo te andire pandan yap re-antrè nan sosyete a. Akonpli angajman Gouvènè a nan diskou sou kondisyon eta 2014, Konsèy Re-Entegrasyon an pral ankouraje kolaborasyon ant ajans eta, lokal ak prive ansanm avèk gwoup kominotè yo nan fason pou adrese yon gwo varyete kesyon ki gen rapò a re-entegrasyon avèk siksè, sa ki gen ladann lojman, travay, swen sante, edikasyon, chanjman konpòtman, ak sèvis veteran.

“Nou te fè gwo pwogrè nan direksyon pou kreye yon eta ki pi ansekirite pandan dènye ane ki sot pase yo- prizon nou yo gen mwens moun e krim lan diminye- men nou dwe fè plis ankò pou bloke pòt residivis yon fwa pou tout,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Redwi pousantaj residivis eta pral vle di kominote ki pi ansekirite, fanmi ki pi fò ak mwens nan lajan kontribyab yo ki depanse nan prizon. Konsèy re-entegrasyon sa a pral ranfòse sipò ke nou bay ansyen moun ki te nan prizon yo pandan yap fè tranzisyon pou retounen nan sosyete a, epi ede pou asire ke tranzisyon sa yo ap dire epi yo efikas. Mwen remèsye manm konsèy yo paske yo te siyen nan sèvis piblik enpòtan sa a, e map rete tann rekòmandasyon yo nan kreye yon New York ki pi jis ak pi ansekirite.”

Chak ane, apeprè 25,000 moun kite prizon Eta New York e yap fè fas a difikilte lè yap re-entegre nan sosyete a sa ki enkli idantifikasyon legal, obstak travay ak edikasyon, manke aksè a swen sante, abi sibstans ak bezwen sèvis sante mantal, konpòtman anti-sosyal, ak sanzabri. Devan travay difisil sa pou simonte defi ki prezante yo, 40 pousan nan moun ki te nan prizon yo residive nan twazan apre yo fin libere.

Haitian Creole

Nan fevriye 2012, Gouvènè Cuomo te lanse yon fòmasyon travay ak pwogram plasman ki rele called “Work for Success” sa ki prepare epi ede plis pase 2,000 ansyen moun ki te nan prizon nan pouswit yo pou jwenn travay. Apeprè dezan apre, Gouvènè a te lanse premye pwojè ki dirije pa Eta “Pay for Success”, yon inisyativ ki finanse pa investisè prive pou fòme ak anplwaye ansyen moun yo ki te nan prizon. Bati sou siksè pwogram sa yo ak itilize strateji ki baze sou evidans, analiz ki baze sou done, ak yon gwo rezo konseye ak patnè, Konsèy re-entegrasyon an vize pou diminye konsekans kolateral adisyonèl moun yo ap fè fas lè yo fin soti nan prizon an.

Objektif konsèy Re-Entegrasyon an nan 2014 se fason ki annaprè a:

1. Idantifye obstak pou yon re-entegrasyon reyisi nan Eta New York atravè yon egzaminasyon lwa eta, règleman, ak politik administratif ki gen rapò a moun ki te nan prizon an.
2. Mande kòmantè anpil moun ki gen enterè ki gen rapò a politik potansyèl, lwa ak pratik ki vize nan amelyore rezilta yo pou moun ki te nan prizon yo.
3. Evalye pwogram ki egziste deja yo pou efikasite epi idantifye pi bon pratik ki baze sou evidans nan sipò rezilta pozitif yo.
4. Devlope strateji kowòdinasyon ant gwoup eta, lokal, prive, ki baze nan kominote a nan sipòte re-entegrasyon reyisi.

Konsèy la pral soumèt rekòmasyon a Biwo Gouvènè a pou revizyon ak posib enplemantasyon. Marta Nelson, aktyèlman Direktè Egzekitif pou Biwo Vil New York Sant Opòtinite Travay, pral sèvi kòm Direktè Egzekitif Konsèy la. Alexander Rose pral sèvi kòm asistan spesyal a Konsèy la.

*Manm yo nan Konsèy la sou Re-antrè ak Re-entegrasyon nan kominote a liste anba:*

**Rossana Rosado**, John Jay College of Jistis Kriminèl, Manm Konsèy Administrasyon (Prezidan)

**Alphonso David**, Biwo Gouvènè a, Sekretè Adjwen ak Konseye pou Dwa Sivil

**Ann Jacobs**, Direktè inisyativ pou re-entegre prizonye nan John Jay College

**Anthony Thompson**, Pwofesè New York University School of Law

**Brenda McDuffie**, Prezidan ak PDG, Buffalo Llig Iben

**Danielle Sered**, Direktè Vera Institute of Justice, Jistis Komen

**Elizabeth Glazer**, Direktè Biwo Vil New York Jistis Kriminèl

**George McDonald**, DOE Fund, Fondatè ak Prezidan

**JoAnne Page**, Prezidan ak PDG The Fortune Society

**Julio Medina**, Fondatè, Direktè Egzekitif ak PDG Exodus Transitional Community

**Elizabeth Gaynes**, Direktè Egzekitif Asosyasyon The Osborne Association

**Louisa Chafee**, Biwo Gouvènè a. Sekretè Adjwen pou Sèvis Imen

**Marsha Weissman**, Direktè Egzekitif Sant pou Kominote Altènatif

**Paul Samuels**, Direktè ak Prezidan Sant Aksyon Legal

**Rick Jones**, Direktè Egzekitif Neighborhood Defender Service of Harlem

**Robert Burns**, Biwo Pwobasyon Konte Monroe, Chèf Ofisye Pwobasyon

Haitian Creole

**Sam Schaeffer**, PDG/Direktè Egzekitif Sant pou Opòtinite Travay  
**Thomas Abt**, Biwo Gouvènè, Sekretè Adjwen pou Sekirite Piblik

*Moun ki annaprè yo pral sèvi nan sou komite yo avèk konsantrasyon matyè espesifik ak ekspètiz:*

**Angela Jimenez**,Konseye Spesyal

**Chauncey Parker**, Biwo Avoka Distri Manhattan, Asistan Egzekitif Avoka Distri pou Estrateji Prevansyon Krim

**Chris Watler**, Direktè Pwojè Center for Court Innovation, Harlem Community Justice Center Project Director

**Glenn Martin**, Fondatè ak Prezidan Just Leadership USA

**Georgia Lerner**, Direktè Egzekitif, Women’s Prison Association

**Jessica Roth**, Cardozo Law School, Assistant Professor and National Center for Access to Justice, Board Member

**Joanne Schlang**, Direktè Egzekitif, Treatment Alternatives for Safer Communities

**Leroy Gadsden**, Prezidan NAACP, Jamaica Branch

**Mary Kornman**, Westchester County District Attorney’s Office, Chief of the Bureau of Strategic Planning and Crime Control

**Max Kenner**, Fondatè ak Direktè Egzekitif, Bard Prison Initiative

**Sean Pica**, Direktè Egzekitif, Hudson Link

**Seymour James**, Legal Aid Society, Attorney-in-Charge of the Criminal Practice

**Soffiyah Elijah**, Direktè Egzekitif Correctional Association of New York

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

\*\*\*\*\*

**WE WORK FOR THE PEOPLE**  
PERFORMANCE \* INTEGRITY \* PRIDE